



# THE WHOLE STORY



BHUKU REMUNAMATO WEZUVA NEZUVA



# TAFURA YEZVINYORWA

**03** KUKOSHA KWEMUNAMATO  
WEZUVA NEZUVA

**04** MINAMATO  
YEMANGWANANI

**08** MINAMATO  
YEMASIKATI

**11** MINAMATO  
YEMANHERU

**14** MINAMATO  
PANGUVA DZEKURARA

**16** MINAMATO NEROPAFADZO  
DZENGUVA DZOSE

## **Kukosha kwemunamato wezuva nezuva**

Zviga zvinokwanisira nekusimbisa mararamiro edu ezuva rimwe nerimwe zvakakosha muhupenyu hwedu. Zvinounza kudzikama, chimiro nekuvimbika. Izvi zvinotibatsira kuti tive nechinangwa nenheyo dzakasimba muhupenyu. Munhu mumwe nemumwe anemaitiro ake akamukoshera mangwanani oga oga paanomuka. Kana maitiro aya akakavhiringidzwa, zvinogona kubva zvakanganisa hurongwa nemufaro wezuva iroro. Vazhinji vedu zvirinyore kuti tive nemaitiro akafanana patinomuka nekugadzirira zvezuva iroro. Zvino tine maitiro anotibatsira kuti tisimudzirwe pamweya yedu here? Tingazviita sei kuti maitiro iwayo ange akanaka?

KumuHebheru wekare munguva dzebhaibheri, zviga zvemweya ndizvo zvakanga zvirinheyo dzemararamiro emazuva ose. Zuva rimwe nerimwe vakanga vaine nguva dzavaizvitsaurira kumanata. Vakanga vaine zuva rimwe pavhiki ravaizvitsaurira rainzi zororo reSabata. Zvekare vakanga vaine mitambo yakakosha yavaita pagore kuti varangarire kunaka kwaMwari wavo nenzvimbo yekudanwa kwavo munhorondo yake. Muna Mabasa avaApositori 3:1 tinoverenga pamusoro paPeter naJohani vachienda kuTemberi panguva yekunonamata. Muna Danieri 6:10 tinoverenga kuti Danieri ainamata katatu pazuva uye wakanga uri muitiro wake nguva dzose. Hupenyu hwavo hwakanga hwakamisikidzwa pazviga zvaikoshesa kunamata nekuverengwa kwamagwaro.

Sekungoda kunoita miviri yedu zvekudya zvakanaka zuva rimwe nerimwe kuti tigare nehutano, mweya yedu inodawo zvekudya zvemweya kuti tigare tirivatano. Vanhu vazhinji panyika yose vanodya chikafu katatu pazuva. Chimbofunga zvino kuti zvaitira mweya yedu sei dai taizvipa nguva dzekunamata nekuverenga magwaro katatu pazuva. Chimbofunga kuti zvaitikudza pamweya zvakadini dai taizviita?

Kana ukatora nguva pazuva kuti ufungisise nezvaJehovha, unenge uchizvipa chinangwa chekurarama zvinotaurwa navaRoma 12:2 “Musaramba muchizvienzanisa namaitiro enyika ino, asi mushandurwe nokuvandudzwa kwepfungwa dzenyu. Ipapo muchakwanisa kuti muedze uye mugoziva kuti kuda kwaMwari ndokupi, kuda kwake kwakanaka, kunomufadza uye kwakakwana.” Pose paunotora nguva kuverenga magwaro nekunamata, uri kuvandudza pfungwa dzako. Paunoita izvi Mweya Mutsvene anomira newe achikubatsira kuti unzvere kuda kwaMwari zuva rimwe nerimwe.

Tinokukurudzira kuti utore bhuku iri reminamata urishandise segwaro rekumisikidza zviga zvekudya kwako kwemweya zuva rimwe nerimwe. Zvikamu zvamangwanani, masakati nemanheru zvinosanganisira magwaro neminamato yaunogona kunamata. Takaisawo zvekare chikamu chineminamato nemaropafadzo anokusimbisa. Unogona kunamata minamato nemaropafadzo aya chero nguva ipi neipi. Bhaibheiri rinotidzidzisa kuti mashoko edu anesimba. Saka Zvisimbise magwaro neminamato iyi, uye paunoverenga verenga uchitaura nezwi rako. Unogona kunamata nekuverenga magwaro aya kumhuri yako kana kushamwari dzakowo zvekare.

# **MINAMATO YEMANGWANANI**

*Namata magwaro matatu aya mangwanani oga oga pamwechete memhuri yaMwari yakapararira munyika yose.*

**Shema** (Dhuteromomi 6:4-5)

Chinzwa Isiraeri, Jehovha Mwari wedu, Jehovha mumwe chete. Uchada Jehovha Mwari wako nomoyo wako wose, nehunhu wako wose, nesimba rako rose. Muzita raJesu, ameni.

**Munamato Washe Jesu** (Mateo 6:9-13)

Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngarikudzwe; umambo hwenyu ngahuuye; kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvazvinoitwa kudenga; tipei nhasi kudya kwedu kwakatiringana mazuva namazuva; mutiregerere mhosva dzedu, sekuregerera kwatinoita vanotitadzira; musatipinza pakuidzwa, asi mutinunure panezvakaipa. Nekuti simba nderenyu nekubwinya kusvikira rinhi narinhi. Amen.

**Ropafadzo yehuPirisita** (Numeri 6:24-26)

Ishe akuropafadzei uye akuchengetei. Ishe apenyese chiso chake pamusoro penyu akuwanirei nyasha; Ishe ngaasimudze chiso chake kwamuri akupei rugare. Muzita raJesu muponesi wedu ameni.

*Pamusoro peminamata yese iripamusoro iyi .Unogona kushara Minamato yakawanda kana umwe chete waunonamata. Unogona kubatanidza minamato yese iyi pamwe nekuwerenga kwezwa rimwe nerimwe kubva pachirongwa chekuwerenga nhorowondo yese yeBhaibheiri chatinacho. Chirongwa ichi chinowanikwa paYouVersion Bible app.*

**Kuongura kwaJeremia 3:22-24**

Rudo rwaShe rwakasimba haruperi; Tsitsi dzake hadzinamagumo; Itsva mangwanani oga oga, kutendeka kwenyu kukuru. Ndinoti kumwoyo wangu, “Jhovha ndiye mugove wangu; naizvozvo ndichamumirira.”

**Joshua 24:15**

Zvisarudzirei nhasi wamuchashumira, vamwari vaishumirwa namadzitateguru enyu mhiri kworwizi kana vamwari vavaAmori, munyika mamugere. Asi kana ndirini neimba yangu tichashumira Jehovha.”

**Mapisarema 119:105-106, 112**

Shoko renyu ndiwo mwenje wetsoka dzangu, nechiedza chenzira yangu. Ndakaita mhiko ndikaisimbisa, kuti ndichatevera mirayiro yenyu yakarurama. Mwoyo wangu wakagarira kuchengeta zvirevo zvenyu, kusvikira kumagumo.

## **Mapisarema 145:1-9**

Ndichakukudzai, Mwari wangu Mambo; ndicharumbidza zita renyu nokusingaperi-peri. Ndichakurumbidzai mazuva ose, uye ndichakudza zita renyu nokusingaperi-peri. Jehovha mukuru uye akafanira kurumbidzwa; ukuru hwake hahunganzverwi nomunhu. Rumwe rudzi rucharumbidza mabasa enyu kuno rumwe; vachareva zvamabasa enyu esimba. Vachataura nezvokunaka kwokubwinya kwoumambo hwenyu, uye ndichafungisisa pamusoro pemabasa enyu anoshamisa. Vanhu vachataura nezvesimba ramabasa enyu anotyisa, uye ndichaparidza mabasa enyu makuru. Vachapemberera kuwanda kwokunaka kwenyu, uye vachaimba nomufaro pamusoro pokururama kwenyu. Jehovha ane nyasha uye ane tsitsi, anononoka kutsamwa uye azere norudo. Jehovha akanaka kuna vose; uye ane nyasha pamusoro pezvose zvaakaita.

## **Mharidzo yaJesu pagomo (Mateo 5:2-11)**

Akazarura muromo wake atanga kuvadzidzisa achiti: “Vakaropafadzwa varombo pamweya, nokuti umambo hwokudenga ndohwavo. Vakaropafadzwa vanochema nokuti vachanyaradzwa. Vakaropafadzwa vanyoro nokuti vachagara nhaka yenyika. Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yokuita zvakarurama nokuti vachagutswa kwazvo. Vakaropafadzwa vane tsitsi nokuti naivowo vachaitirwa tsitsi. Vakaropafadzwa vakachena pamwoyo, nokuti vachaona Mwari. Vakaropafadzwa vanoyananisa nokuti vachanzi vana vaMwari. Vakaropafadzwa vanotambudzwa nokuda kwokururama nokuti umambo hwokudenga ndohwavo. “Makaropafadzwa imi kana vanhu vachikutukai, vachikutambudzai uye vachikupomerai zvakaipa zvose nokuda kwangu.

## **Mapisarema 111**

Rumbidzai Jehovha. Ndicharumbidza Jehovha nomwoyo wangu wose, padare ravakarurama nepagungano. Mabasa aJehovha makuru; anorangarirwa navose vanofara maari. Mabasa ake ndeokukudzwa noumambo, uye kururama kwake kunogara nokusingaperi. Akaita kuti zvimhamiso zvake zvirangarirwe; Jehovha ane nyasha nengoni. Anopa zvokudya kuna avo vanomutya; anorangarira sungano yake nokusingaperi. Akaratidza vanhu vake simba ramabasa ake, achivapa nyika dzedzimwe ndudzi. Mabasa amaoko ake akatendeka uye akarurama, mitemo yake yose yakavimbika. Yakasimba kusvika nokusingaperi-peri, yakaitwa mukutendeka nokururama. Akapa dzikinuro kuvanhu vake; akasimbisa sungano yake nokusingaperi, zita rake idzvene uye rinotyisa. Kutya Jehovha ndiwo mavambo enjere; vose vanotevera mitemo yake vanonzwisisa. Kurumbidzwa ndokwake nokusingaperi.

## **Mapisarema 91**

Uyo anogara panzvimbo yokuvanda yewokumusoro-soro achazorora mumumvuri wewamasimba Ose. Ndichati pamusoro paJehovha, “Ndiye utiziro hwangu nenhare yangu, Mwari wangu, wandinovimba naye.” Zvirokwazvo achakuponesa parugombe rwomuteyi napadenda rinouraya. Achakufukidza neminhenga yake, uye uchawana utiziro pasi pamapapiro ake; kutendeka kwake kuchava nhoo yako norusvingo rwako. Haungatyiswi nokuvhundutsa kwousiku, kana museve unopfurwa masikati, kana hosha inofamba murima, kana denda rinoparadza masikati. Chiuru chingawa parutivi rwako, zviuru gumi kurudyi pako, asi hazvingaswederi kwauri. Uchangozviona nameso ako chete, uye uchaona kurangwa kwavakaipa. Kana ukaita Wokumusoro-soro ugaro hwako, kunyange Jehovha, iye utiziro hwangu, ipapo hapana chakaipa chichakuwira, hakuna njodzi ichasvika patende rako. Nokuti acharayira vatumwa vake pamusoro pako, kuti vakuchengete panzira dzako dzose; vachakusimudza mumaoko avo, kuti rutsoka rwako rurege kugumburwa padombo. Uchatsika pamusoro peshumba napamusoro pechiva; uchatsika-tsika shumba huru nenyoka. “Nokuti anondida,” ndizvo zvinotaura Jehovha, “neni ndichamununura; ndichamudzivirira, nokuti anoziva zita rangu. Achadana kwandiri, uye ndichamupindura; ndichava naye pakutambudzika, ndichamurwira uye ndichamukudza. Ndichamugutsa noupenyu hurefu, uye ndichamuratidza ruponeso rwangu.”

# **MINAMATO YEMASIKATI**



*Shara mimwe kana mumwe weminamoto iyi. Uyinamate nekuifungisisa masikati oga oga.*

### **Mapisarema 114:15**

Vakaropafadzwa vanhu vanowirwa neropafadzo yakadai! Vakaropafadzwa vanhu avo vanoti Jehovha ndiMwari wavo.

### **Mapisarema 84:5**

Vakaropafadzwa avo vanowana simba ravo mamuri, vane mumoyo mavo nzira dzinoenda Zaoni.

*Akaropafadzwa munhu anoraramira kudzidza shoko renyu nekunyengerera. Ngaakurumbidzei nguva dzose. Vakaropafadzwa vanhu vanoraramira kudzidza shoko renyu nekunyengerera. Vakaropafadzwa vanhu vanoita Jehovha Mwari wavo. Muzita raJesu, ameni.*

### **Dhuteronomi 4:39**

Zvizevei izvi nhasi musazviise pamwoyo yenyu kuti Jehovha ndiMwari kudenga napanyika nepasi penyika; Hakuna mumwe saiye.

### **Zvakazarurwa 1:8**

“Ndini wokutanga newekupedzisira”, ndizvo zvinotaura Jehovha Mwari, “iye ari uye akanga ari uye ari kuzouya,ndiye wamasimba ose.”

### **Mapisarema 145:10-21**

Zvose zvamakaita zvichakurumbidzai, imi Jehovha; vatsvene venyu vachakukudzai. Vachataura nezvokubwinya kwoumambo hwenyu, uye vachataura nezvesimba renyu, kuitira kuti vanhu vose vazive nezvamabasa enyu makuru, nokunaka kwokubwinya kwoumambo hwenyu. Umambo hwenyu umambo hwokusingaperi, uye ushe hwenyu hunogara kusvikira kuzvizvarwa zvose. Jehovha akatendeka pavimbiso dzake dzose, uye ane rudo kuzvinhu zvose zvaakaita. Jehovha anotsigira vose vanowa, uye anosimudza vose vakakotamiswa pasi. Meso avose anotarira kwamuri, uye munovapa zvokudya zvavo nenguva yakafanira. Munozarura ruoko rwenyu, uye munogutsa zvisikwa zvipenyu zvose nezvazvinoda. Jehovha akarurama panzira dzake dzose, uye ane rudo kuzvinhu zvose zvaakaita. Jehovha ari pedyo navose vanodana kwaari, kuna vose vanodana kwaari muchokwadi. Anozadzisa zvido zvaavo vanomutya; anonzwa kuchema kwavo uye anovaponesa. Jehovha anochengeta vose vanomuda, asi achaparadza vakaipa vose. Muromo wangu uchataura kurumbidzwa kwaJehovha. Zvisikwa zvose ngazvirumbidze zita rake dzvene nokusingaperi-peri.

**Mapisarema 19:14**

Itai kuti mashoko emuromo wangu nekurangarira kwemuyo wangu zvigamuchirike pameso enyu, imi Jehovha, dombo rangu nemudzikinuri wangu.

**Mapisarema 51:15**

Aiwa Jehovha, zarurai muromo wangu ndizivise rumbidzo yenyu.

**Joshua 1:9**

Iva nesimba nekushinga. Usavhundutswe uye usawore moyo, nekuti Jehovha Mwari wako anewe kwese kwaunoenda.

**Vafiripi 4:4-9**

Farai muna She nguva dzose. Ndichapamhidzazve, Farai. Itai kuti kunzwisisa kwenyu kuzivikanwe nevese . Ishe ava pedyo. Musafunganya pamusoro pechipi ne chipi, asi muzvinhu zvose, kumbirai Mwari neminyengetero, nemikumbiro uye nokuvonga. Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu. Pakupedzisira hama, ndinoti kwamuri: fungai pamusoro pezvinhu izvi zvose zvechokwadi, zvose zvinokudzwa, zvose zvakarurama, zvose zvakachena, zvose zvinodikanwa, zvose zvinoyevedza, kana paine chinhu chakaisvonaka kana chinorumbidzwa, fungai pamusoro pezvinhu izvi zvakadai. Zvinhu zvipi zvazvo zvamakadzidza kana zvamakagamuchira.

# **MINAMATO YEMANHERU**

*Shara mumwe kana mimwe yeminamoto iyi uinamate nekunytsodzamisa pfungwa husiku humwe nehumwe.*

### **Mapisarema 79:13**

Asi tiri vanhu wenyu, makwai emafuro enyu. Tichakupai kutenda nekusingaperi-peri: Kubva panechizvarwa chimwe kusvika pane chimwe, ticharangerira rumbidzo dzenyu.

*Tinokutendai Mwari wedu nekuti hupenyu hwedu huri mumaoko enyu. Hunhu hwedu ndehwenyu. Nekuda kweminana yamunoratidzira mazuva ose, nezvishamiso zvenyuz vamunoratidza mumwaka dzose, husiku, mangwanani nemasikati. Hunyoro hwenyu hauperi uye tinovimba nemi nguva dzose. Muzita raJesu, ameni.*

### **Mapisarema 121**

Ndinosimudzira meso angu kumakomo, kubatsirwa kwangu kunobvepiko? Rubatsiro rwangu runobva kuna Jehovha, muiti wokudenga napasi. Haangatenderi rutsoka rwako kuti rutedzemuke, muchengeti wako haangakotsiri; zvirokwazvo, muchengeti walsraeri haangakotsiri kana kuvata. Jehovha anokurinda, Jehovha ndiye mumvuri wako kuruoko rwako rworudyi; zuva haringakubayi masikati, kana mwedzi usiku. ehovha achakuchengeta pane zvole zvinokuvadza, iye acharinda upenyu hwako; Jehovha achakurinda pakubuda kwako napakupinda kwako, kubva zvino uye nokusingaperi.

### **Vafiripi 1:6**

Ndinechokwadi nekuda kwechinhu ichi chekuti iye wakaktanga baba rakanaka mamuri ucharisvitsa pakupedziswa pazuva raKristu Jesu.

### **Vahebheru 4:14,16**

Naizvozvo, zvatino muprista mukuru kwazvo, akapinda napakati pamatenga, Jesu Mwanakomana waMwari, ngatibatisisei kutenda kwatinopupura. Ngatiswederei tisingatyi pachigaro choushe chenyasha, kuitira kuti tigogamuchira ngoni uye tigowana nyasha, tibatsirwe panguva yokushayiwa.

### **Vaepheso 3:14-21**

Nokuda kwaizvozvi, ndinopfugama pamberi paBaba, nokuti mhuri yavo yose iri kudenga napanyika inowana zita rayo kubva kwavari. Ndinonyengetera kuti kubva papfuma yokubwinya kwavo vakusimbisei nesimba noMweya wavo mumunhu womukati, kuti Kristu agare mumwoyo yenyu nokutenda.

Uye ndinonyengetera kuti imi, muve nemidzi uye musimbiswe murudo, muve nesimba, pamwe chete navatsvene vose, kuti mubate kuti kupamhamha, nokureba uye kukwirira, nokudzika kworudo rwaKristu kwakadii, uye muzive rudo urwu runopfuura ruzivo, kuti muzadzwe kusvikira pachiyero chokuzara kwose kwaMwari. Zvino iye anogona kuita zvikuru zvisingagoni kuyerwa kupfuura zvose zvatingakumbira kana kufunga, maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu, ngaave nokubwinya mukereke uye nomuna Kristu Jesu kumarudzi namarudzi, nokusingaperi-peri! Amen.

**MINAMATO  
PANGUVA  
DZEKURARA**

*Shara mumwe kana mimwe yeminamoto iyi uinamate nekunytsodzamisa pfungwa usati wanorara*

### **Mapisarema 3:5**

Ndakarara pasi ndikakotsira ndikamuka zvekare, nekuti Jehovha unondikwanisara.

### **Mapisarema 4:8**

Murugare ndicharara pasi ndokotsira, nekuti imi Jehovha moga munondiita kuti ndigare ndakachengetedzwa.

### **Johani 8:12**

Jesu akataura kwavari akati, “ndini chiedza chenyika, ani nani anonditevera haangafambi murima asi uchava nechiedza chehupenyu.”

*Kukudzwa ngakuve kwamuri iyemi Ishe Mwari wedu, mambo weNyika yese. Imi ndimi munondipa hope kuti ndikwanise kurara. Ndinokumbira kuti mundiradzike pasi ndirare murugare, mogondimutsa murugare zvakare. Ndichengetedzei pamazano akaipa, hope dzakaipa pamwe nendangariro dzakaipa. Itai kuti ndimuke ndakajeka ndiine chiedza mumaziso angu. Ndimi munopa nyika yese chiedza mukubwinya kwenyu. Muzita raJesu, ameni.*

**MINAMATO**  
**NEROPAFADZO**  
**DZENGUVA DZOSE**



*Namata minamoto nemaropafadzo idzi chero nguva ipi neipi.*

## **SIMBA REKUMUKA KWAKRISTU**

### **Isaya 25:8**

Achamedza rufu mukukunda, uye Ishe Mwari vachapukuta misodzi pameso avo vese.

### **John 11:25-26**

Ndini kumuka nehupenyu. Aninani anotenda kwandiri, kunyangwe akafa achararama. Vose vanorarama and kutenda kwandiri havangafe.

*Ndimi Ishe wamasimba ose Mwari wedu vanomutsa vakafa. Tinoziva kuti munogona kutiponesa. Munotichengetedza tirivapenyu, munotiratidza mutsa. Munosimudza avo vanenge vawa pasi. Munoporesa vanorwara, munosunungura vakasungwa. Munochengetedza zviivimbiso chenyu kunevakafa nekuva mutsa. Ndianiko akafanana nemi Mambo wedu? Ndianiko anotendera kuti vanhu vafe ovamutsa zvekare muhupenyu? Munomutsa vakafa movapa hupenyu. Rumbidzo ngaive kwamuri Ishe Mwari wedu anomutsa vakafa ovapa hupenyu.*

## **HUTSVENE HWAMWARI**

### **Mapisarema 22:3**

Zvakadaro muri Mutsvene. Iyemi makagadzwa parumbidzo dzalsiraeri.

### **Isaya 53:6**

Mutsvene, mutsvene, mutsvene ndiye Jehovha wehondo. Nyika yese yakazara nekubwinya kwanyu!

*Murimutsvene nezita renyu idzvene. Isu vanhu venyu tinokurumbidzai mazuva ose. Kukudzwa ngakuve kwamuri Ishe Mwari vedu nekuti muri mutsvene.*

## **KUTENDEUKA NEKUREGERERA**

### **Zvakazarurwa 3:18-22**

“Ndinokupa zano kuti utenge kwandiri goridhe rakanatswa nomoto, kuti upfume; uye uve nenguo chena dzokupfeka, kuitira kuti ufukidze nyadzi dzokusasimira kwako; nechizoro chokuisa mumeso ako, kuitira kuti ugone kuona. Avo vandinoda ndinovatsiura uye ndinovaranga. Saka shingaira, utendeuke. Ndiri pano! Ndimire pamusuo ndichigogodza. Kana munhu akanzwa inzwi rangu akazarura musuo, ndichapinda ndigodya naye, uye iye neni. Kuno uyo anokunda, ndichamutendera kuti agare neni pachigaro changu choushe, sezvandakakunda uye ndikagara naBaba vangu pachigaro chavo choushe. Ane nzeve dzokunzwa, ngaanzwe zvinoreva Mweya kukereke.”

### **2 Makoronike 7:14**

Kana vanhu vangu vanodaidzwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanyengetera vakatsvaga chiso changu, vakatendeuka kubva panzira dzavo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga uye ndicharegerera chivi chavo uye ndichaporesa nyika yavo.

*Tidzoredzerei zvekare kwamuri Baba. Kushoko renyu. Tidzoredzerei pedyo nemi. Tineurombo nezvakaipa zvatakaita, tibatsirei tireurure. Tiregererei Baba zvivi zvipi nezvipi zvatakaita. Tiregererei Baba kunyangwe zvivi zvatakaita mukuziva. Kukudzwa ngakuve kwamuri imi Ishe wedu naMwari anoregerera zvivi.*

## **RUPONISO NEDZIKINURO**

### **Mapisarema 119:153-154**

Tarirai kutambudzika kwangu mugondirwira, nokuti handina kukanganwa murayiro wenyu. Miririrai mhosva yangu uye mundidzikinure; ndipei upenyu maererano nevimbiso yenyu.

*Munoona kutambudzika kwedu. Munotibatsira kana tiri mudambudziko. Munotibatsira nekuda kwezita renyu nekuti ndimi mudzikinuri mukuru. Kukudzwa ngakuve kwamuri Ishe Mwari wedu anotidzikinura.*

## **SABATA**

### **Isaya 58:13-14**

Kana ukafuratidza tsoka dzako kubva paSabata, pakuita zvinokufadza iwe pazuva rangu dzvene, kana ukati Sabata izuva rinofadza, uye ukati zuva dzvene raJehovha izuva rinokudzwa, kana ukarikudza nokusafamba munzira yako usingaiti zvinokufadza kana kutaura mashoko asina maturo. Ipapo uchawana mufaro wako muna Jehovha. Ndichakuita kuti ukwire pakakwirira penyika, uye ndichakugutsa nenhaka yababa vako Jakobho.” Muromo waJehovha wazvitaure.

*Jehovha tinokutendai nechipo seSabata. Ndimi Jehovha weSabata uye ndimi zororo redu reSabata. Tinofadzwa mamuri nezuva renyu dzvene. Ndimi chiedza chenyika. Tibatsirei kuti tive mufananidzo wenyu uye kuti tive zviedzawo. Tinokudanai mudzimba dzedu uye tinokutendai nekuda kwechipo chehuvapo hwenyu. Kukudzwa ndokwenyu imi Jehovha Mwari zororo redu reSabata.*

## **KURAPWA**

### **Jeremaya 17:14**

Haiwa Jehovha, ndiporesei, ipapo ndichaporeswa; ndiponesei, ipapo ndichaponeswa, nokuti imi ndimi wandinorumbidza.

*Aiwa Jehovha tirapei nekuti muri Mwari murapi anetsitsi. Nekuda kwaruoko rwenyu tinoporeswa zvakakwana. Kukudzwa ngakuwe kwamuri Jehovha Mwari wedu anoporesa vanorwara.*

## **KURURAMA**

### **Mateo 6:33-34**

Asi tangai kutsvaka umambo hwaMwari nokururama kwake, ipapo zvinhu zvose izvi zvichawedzerwa kwamuri. Naizvozvo musafunganya nezvamangwana nokuti mangwana achazvifunganyira zvawo. Zuva rimwe nerimwe rine nhamo dzaro dzakarikwanira.

*Ivai nemutsa Mwari wedu kune avo vakarurama. Unzai zvipo zvakanaka kune avo vanotenda nekuvimba muzita renyu, avo vanotsvaka pekutanga humambo hwenyu nenzira dzenyu dzakururama. Ngatiregerei kunyara kanakufunganya nechinhu chipi nechipi nekuti vimbo yedu irimamuri. Kukudzwa ngakuvekwamuri Jehovha Mwari wedu anochengeta vakarurama.*

## **RUGARE**

### **Vakorosi 3:12-15**

Naizvozvo savasanangurwa vaMwari, vatsvene uye vanodikanwa kwazvo, zvifukidzei netsitsi, nounyoro, nokuzvinipisa, nokupfava uye nomwoyo murefu. Munzwirane tsitsi uye mukanganwirane pamhosva ipi zvayo yamunenge matadzirana. Mukanganwire sezvamakanganwirwa naShe. Uye pazvinhu zvose izvi fukai rudo, runokusunganidzai pamwe chete muhumwe hwakakwana. Rugare rwaKristu ngarutonge mumwoyo yenyu, sezvo senhengo dzomuviri mumwe makadanirwa kurugare. Uye munofanira kuvonga.

*Tipei isu nevanhu venyu vese rugare, kunaka, ropafadzo, mutsa netsitsi. Tiropafadzei Mwari wedu nechiedza chenyu. Kuburikidza nechiedza chenyu makatipa shoko renyu rinotipa hupenyu. Munotipa rudo nekunaka, ropafadzo, mutsa, hupenyu nerugare. Dai maropafadza vanhu venyu vese nerugare. Kukudzwa ngakuve kwamuri Jehovha Mwari vedu anoropafadza vanhu vake nerugare.*

## **KUVONGA KWERUPONISO**

### **Mapisarema 118:14-15**

Jehovha ndiye simba rangu norwiyo rwangu; ndiye ava ruponeso rwangu. Kupembera kwomufaro nokukunda kunonzwika mumatende avakarurama kuchiti: “Ruoko rworudyi rwaJehovha rwakaita zvinhu zvikuru!

*Tinokutendai Jehovha nekuti makatidzorera hunhu wedu nerodo nekutendeseka. Kusvikira nekusingaperi peri tichatenda tsitsi neruponiso rwenyu pamwe nekutiita kuti tive vemhuri yenyu.*

## **HUCHENJERI**

### **Mapisarema 111:10**

Kutya Jehovha ndiwo mavambo enjere; vose vanotevera mitemo yake vanonzwisisa. Kurumbidzwa ndokwake nokusingaperi.

*Kutya Jehovha ndiko kuvamba kwezivo. Rumbidzo dzaJehovha dzinogara nekusingaperi. Kukudzwa ngakuve kuzita nehumambo hwenyu nekusingaperi. Nhaka yedu irimuna Jehovha. Zvinokosha kuti titerere dzidziso dzanamai negadziro dzamadzibaba pamwe nekuterera shoko raMwari rinoparidzwa nevatungamiriri vedu. Tinoisa kutenda kwedu munaJehovha nekutsvaka kururama kwake takamirira kudzoka kwake.*

## **KURURAMA KWEMWOYO NEHUNHU WEDU**

### **Mapisarema 51:10-12**

Sikai mukati mangu mwoyo wakachena, imi Mwari, uye muvandudze mweya wakarurama mukati mangu. Regai kundirasa pamberi penyu kana kubvisa Mweya wenyu Mutsvene kwandiri. Dzoreraizve kwandiri mufaro woruponeso rwenyu, uye mundipe mweya unoda, kuti undiraramise.

*Jehovha wangu, hunhu hwamakaisa mandiri hwakarurama. Ndimi makahusika, wakagadzirwa nemi. Makafemera hupenyu mandiri uye munondichengetedza. Nerimwe ramazuva muchanditora ndiende kumusha. Pakurarama kwangu kwose munamoto wangu ndewekuti dai masika mwoyo wakachena mandiri sekusika kwamakanga makaita Adamu munhu wekutanga. Ropafadzo ngaive kwamuri iyemi Mwari munodzoredzera. Ndidzoredzerei mwoyo wakachena.*

## **ISIRAERI NEKUVAKWA ZVEKARE KWEJERUSAREMA**

### **Mapisarma 147:2**

Jehovha anovaka Jerusarema; anounganidza vakadzingwa valsraeri.

*Avo vanotaura zvakaipa pamusoro palsiraeri naavo vanoita zvakaipa kunalsiraeri ngavatongwe. Tinokukumbirai Jehovha kuti muparadza zvakaipa zvese pamwe nevavengi valsiraeri. Vaparadzei nekukasika kunyange munguva idzo dzino dzatorarama. Dzokai kuJerusarema guta renyu netsitsi. Vakai zvakare guta renyu nekukasika mumazuva edu ano. Dzoredzerai kutonga kwaDavida muJerusarema. Tumirai ruponiso rwenyu takamirira kuti muponisi wedu adzoke. Kukudzwa ngakuve kwamuri Jehovha Mwari wedu anoparadza vavengi pamwenekuvaka zvekare guta renyu.*

## **NHUMBI DZEKURWA NADZO DZAMWARI**

### **VaEpheso 6:10-18**

Pakupedzisira, ivai nesimba muna She nomusimba rake guru. Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari kuti mugogona kumira muchirwa namano adhiabho. Nokuti hatirwi nenyama neropa, asi navabati, navanesimba, namasimba enyika ino yerima uye namasimba emweya yakaipa ari muchadenga. Naizvozvo shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari, kuti panosvika zuva rakaipa, mugokwanisa kumira, uye mushure mokunge maita zvinhu zvose, kuti mumire. Zvino mirai nesimba, makasunga bhandire rechokwadi muchiuno chenyu, nechidzitiro chechipfava chokururama, uye tsoka dzenyu dzakashongedzwa negadziriro inobva pavhangeri rorugare. Pamusoro paizvozvi zvose, torai nhoo yokutenda, iyo yamunogona kudzima nayo miseve inopfuta yowakaipa. Torai nguwane yoruponiso nomunondo womweya, iro shoko raMwari. Uye munyengetere muMweya nguva dzose nemhando dzose dzeminyengetero nemikumbiro. Muine izvi mupfungwa dzenyu, murinde uye murambe muchinyengeterera vatsvene.

*Nhasi tinopheka nhumbi dzekurwa dzaMwari kuti tivenesimba munaMwari nemusimba rake guru. Nokuti hatirwi nenyama neropa, asi navabati, navanesimba, namasimba enyika ino yerima uye namasimba emweya yakaipa ari muchadenga. Tinopfeka ngowani yeruponiso, nekuti ndimi ruponiso rwedu. Tinopfeka chidzitiro chekururama, nekuti ndini kururama kwedu. Tinosunga bhandire rezvokwadi, nekuti ndimi zvokwadi yedu. Tnopfeka shangu dzevhangeri yerugare, nekuti ndimi rugare rwedu. Munerumwe ruoko tinotora munondo womweya, rinova iro shoko raMwari. Menerumwe tinotora chidzitiro chekutenda chinotikwanisira kuti tidzimure munondo yese yemwoto wevakaipa.*

*Nekuti arikwatiri mukuru kune iye arimunyika. Tinokutendai nekuda kwanguwo dzekurwa nadzo, uye tinotenda shoko renyu. Hakuna munondo unogadzirwa nemuvengi kuti urwisane nesu uchakunda. Shoko rimwe nerimwe richasimudzwa kuti rirwisane nesu mucharipa mhoswa pakutonga kwenyu. Iyi ndiyo nhaka yedu pamwe nevatsvene numaKristu Jesu, ameni.*

## **CHIBEREKO CHOMWEYA**

### **vaGaratia 5:22-26**

Asi chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, unyoro, kunaka, kutendeka, kupfava uye kuzvidzora. Hakuna murayiro unopesana nezvizvi. Avo vari vaKristu Jesu vakaroverera pamuchinjikwa nyama nokuchiva kwayo uye nezvainoshuva. Sezvo tichirarama noMweya, ngatifambei noMweya. Ngatiregei kuzvikudza, tichitsamwisana kana kuchiva zvevamwe.

*Nhasi tinonamata kuti zvibereko zveMweya zvikure nekuphuurisa muhupenyu hwedu. Tnonamata kuti tiratidze rudo, rerufaro, rugare, mwoyo murefu, kupfava, kunaka, kutendeseka, unyoro nekuzvidzora munyika yatigere. Tinorovera pamuchinjikwa nyama yedu nezvishuwo zvayo pamwe nekufuratira kunyengera nepfungwa dzeruchiva. Tibatsirei tirambe tichifamba muMweya Mutsvene. Itai kuti tive chiedza kune vose vatinosangana navo. Ngatitungamirirwe neMweya Mutsvene tipiwe meso nenzeve dzinonzwa zvamurikuda kuita nhasi, Amen.*

## **KUBHABHATIDZWA NEMWEJA MUTSVENE NEZVIPO ZVEMWEYA MUTSVENE**

### **Mateo 3:11**

Ini ndinokubhabhatidzai nemvura kuti mutendeuke. Asi shure kwangu kuchauya mumwe mukuru kwandiri, wandisina kukodzera kunyange kutakura shangu dzake. Achakubhabhatidzai noMweya Mutsvene nomoto

### **Mabasa 2:4**

Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene vakatanga kutaura nedzimwe ndimi sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

### **1 Vakorinde 12:4-11**

Kuna marudzi akasiyana ezvipo, asi Mweya ndomumwe. Kuna marudzi akasiyana oushumiri, asi Ishe mumwe. Kuna marudzi akasiyana amabasa, asi Mwari mumwe ndiye anoita zvose muvanhu vose. Zvino mumwe nomumwe anopiwa kuratidzwa kwoMweya kuti vose vabatsirwe. Nokuti mumwe anopiwa noMweya shoko rouchenjeri, mumwe shoko rokuziva noMweya mumwe chete, mumwe kutenda noMweya mumwe chete, mumwe zvipo zvokuporesa noMweya mumwe chete, mumwe mabasa esimba, mumwe kuprofitita, mumwe kuzivisisa mweya, mumwe kutaura nendimi dzakasiyana-siyana, uyezve mumwe kududzirwa kwendimi. Zvose ibasa raMweya mumwe chete uye anopa mumwe nomumwe, sezvaanoda.

*Baba ndinotenda nekuda kwechivimbiso cheshoko renyu kuti muchandibhabhatidza neMweya Mutsvene sezvamakaita kumakristu ekutanga papentekositi. Ikozvino ndinokumbira kugamuchidzwa chivimbiso chekubabhatidzwa neMweya Mutsvene. Jehovha, ndinokumbira kuti mundishongedze nesimba reMweya wenyu kuti ndiwe mupirisita mumba mangu nechiedze munyika. Ndinoda kuti vakandikomberedza vaone chiedza chenyu mandiri. Mukuzvinipisa ndinokumbira kuti mundipewo zvipo zveMweya Mutsvene sekuvimbisa kwamakaita mushoko renyu. Ndidzidzisei kushandisa zvipo izvi kuti zita renyu rikudzwe. Ndinogamuchira simba reMweya kuti ndiwe chapupu chenyu ndichitungamirwa nekunyaradzwa nehuchenjeri hwenyu. Ndinokuremekedzai muhupenyu hwangu uye ngandishandurwe nekusingaperi mubhabhatidzo reMweya wenyu. Kubwinya kwose ngakuve kunaBaba, neMwanakomana neMweya Mutsvene. Amen.*



*Ndinokumbira kugamuchira vimbiso yerubhabhatidzo rweMweya wenyu Mutsvene, Ndinokumbira mundipe simba reMweya Mutsvene kuitira kuti ndigokwanisa kuva MuPristi weimba yangu uye kuti ndive chiedza kunyika, kuitira kuti vari muupenyu hwangu vagoona kubwinya kwechiedza chenyu mandiri. Ndinokumbirisa kuti mundipewo zvipo zveMweya zvakavimbiswa mushoko renyu uyezve mundidzidzise kuzvishandisa kuti zvigosimudzira mbiri yezita renyu. Ndinogamuchira simba reMweya wenyu kuti rive uchapupu nekunditungamirira nekundinyaradza kubudikidza neuchenjeri hwenyu. Ndinokuremekedzai neupenyu hwangu uyezve ndinokumbira kuti rubhabhatidzo rweMweya wenyu rundishandure zvachose. Mbiri kuna Baba, neMwanakomana ne Mweya Mutsvene. Amen*

## **GADZIRA MUNAMATO WAKARINGANA NEMHURI YAKO**

Jehovha ndinonamatira vose vemhuri yangu mumwe nemumwe nezita rake. Makaziva mumwe nemumwe wavo vasati vaumbwa mudumbu raamai vawo. Makasika umwe neumwe wavo nemufananidzo wenyu. Vose vanakomana nevanasikana venyu. Zvino nhasi Jehovha ndinonamatira:

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, munamato wangu ndewekuti \_\_\_\_\_



KUTI UWANE RUZIVO  
RWAKAWANDA SHANYIRA  
CELEBRATION.ORG

